# NÓKIS QALASÍN ÚYRENIWDIŃ TARIYXÍY GEOGRAFIYALÍQ TIYKARLARÍ

**Jaksimuratov Azamat Bekmurat uli**
Nókis mámleketlik pedagogika institutı
E-mail: jaqsimuratov004@gmail.com

***ANNOTATSIYA***

*Bul ilimiy maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxtı esaplanǵan Nókis qalasınıń geografiyalıq ornı (tábiyiy-geografiyalıq hám ekonom-geografiyalıq ornı), qala xalqı, xalqınıń quramı, qala geografiyalıq atamasınıń yaǵnıy, qala toponiminiń payda bolıwı, Nókistiń tábiyatı hám klimatı, onıń ekonomikasınıń rawajlanıwı hám transport baylanısları, turizm imkaniyatları hám rekreaciyalıq resursları haqqında sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *Qaraqalpaqstan Republikası, Nókis qalası, geografiyalıq orın, qala xalqı, qala tábiyatı, ekonomika, turizm.*

# THE HISTORICAL GEOGRAPHICAL BASIS OF THE STUDY OF THE CITY OF NUKUS

***ANNOTATION***

*In this scientific article, the geographical location (natural-geographical and economic-geographical location) of the city of Nukus, which is the capital of the Republic of Karakalpakstan, the population of the city, the composition of the population, the appearance of the city's geographical name, that is, the emergence of a city typhoon, Nukus It talks about its people and climate, its economic development and transport links, tourism opportunities and recreational resources.*

***Key words****: the Republic of Karakalpakstan, the city of Nukus, geographical location, the city's population, people close to the city, economy, tourism.*

## KIRISIW

Qaraqalpaqstan Respublikası 1992-jıl 9-yanvarda suverenli respublika statusın alǵannan baslap, Nókis qalası qurılıs, medicina, bilimlendiriw, transport, turizm tarawlarında úlken jetiskenliklerge eriskennin kóriwimiz múmkin. Nókis qalasınıń bul jetislikenliklerge erisiwinde qala tariyxınıń áhmiyeti úlken.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń tariyxıy geografiyası haqqında ilimiy izretlewler, ilimiy jumıslar az bolǵan házirgi waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikasınıń aymaqlıq, regional tariyxıy geografiyası tuwralı ilimiy izertlewler júdá az dárejede. Sonlıqtan, usı izertlew jumısın ózine jarasa tariyxına iye bolǵan Nókis qalasınan baslaǵan orınlı dep oylayman. Izertlewim barısında salıstırıw hám maǵlıwmatlardı analizlew metodlarınan paydalandım.

**ÁDEBIYATLAR HÁM METALOGIYA**

Tariyxıy geografiyanıń tiykarǵı wazıypası – ótmishtegi mámleketlerdiń siyasiy shegaraların, tariyxıy waqıyalar júz bergen orınlardı, qalalardıń toponimikasın úyreniwde ibarat. [13] Sonıń menen bir qatarda, tariyxıy geografiyanıń tiykarǵı wazıypaları qatarına úyrenilip atırǵan orındı rayonlastırıp, onıń tariyxıy geografiyasın úyreniwdide kirgiziw orınlı. Sebebi, Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxıy geografiyası haqqında maǵlıwmatlar toplawımız ushın regional birlikler tariyxıy geografiyası haqqında ilimiy maǵlıwmatlarǵa iye bolıwımız tiyis. Ózbekstannıń ulıwmalıq tariyxıy geografiyası haqqında maǵlıwmatlar bar. Bul maǵlıwmatlar Z.Saidboboyev hám Z.Ilhomovlar tárepinen toplanǵan. Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxıy geografiyası haqqında ilimiy izertlew jumısları A.Bekpolatov tárepinen jazılǵan. Usı maqala Nókis qalasınıń tariyxıy geografiyalıq úyreniliwi tek Qaraqalpaqstan tariyxıy geografiyası ushın emes, Oraylıq Aziya tariyxıy geografiyası ushında qımbatlı izertlew jumısı áhmiyetli boladı.

**NÁTIYJELER**

**Nókis qalasınıń jaylasqan geografiyalıq ornı**

Nókis qalası Ózbekstanda emes bálkim, Orta Aziyanıń eń belgili bolǵan qalalarınan biri sanaladı. Ol Ámiwdáryanıń oń jaǵalawında, Qaraqum hám Qızılqum shólleriniń aralıǵında jaylasqan bolıp, qalanı oraylıq bóliminen Doslıq (Qızketken) kanalı kesip ótedi. Onıń tábiyiy-geografiyalıq jaylasqan ornı Ámiwdárya dáryasınıń átirapında ornalasqanlıǵı menen qolaylı. Bıraq, sońǵı jıllarda Nókis qalasına Aral ekologiyalıq daǵdarısı sebepli duzlı shań boranları gózetilip, Nókis qalasınıń tábiyatı hám qala turǵınlarınıń den-sawlıǵına óziniń unamsız tásirin kórsetip atır. Qalanıń ekonom-geografiyalıq jaylasqan ornı transpor túyinleri hám xalıqaralıq transport jónelisleriniń orayında jaylasqanlıǵı ushın ádewir qolaylı.

**Nókis qalasınıń xalqı hám xalıq quramı**

Nókis xalqınıń tiykarǵı quramın qaraqalpaq, ózbek hám qazaq milletleri qurap, 2023-jıl 1-iyul jaǵdayına bola qala xalıqınıń sanı 336,4 mıń adamdı quraǵan.

**Nókis qalasınıń rawajlanıw tariyxı**

Nókis qalası kóp jıllı tariyxı dawamında birneshe mashaqatlı dáwirlerdi ótkergen. Nókis eramızdıń IV ásiride usı orında jaylasqan *Church* atlı áyyemgi xalıq

elatı ornında qurılǵan. Arxeologlardıń pikrinshe, bul xalıq elatı Xorezm mámleketi shegaraların hám Ámiwdáryadan ótetuǵın suw jolı shegarasındq qurılǵan qorǵan imaratı bolǵan. [32] Nókis qalası 1860-jılları awıllıq elat bolǵan, 1870-jılları qalaǵa gidrografiyalıq post qurılǵannan baslap bul orınnıń áhmiyeti joqarılaydı. Nátiyjede, bul aymaqta hár tárepten xalıq kóship kele baslaydı. 1930-jıl 12-noyabrde Qaraqalpaqstan Avtonom Respublikasınıń paytaxtın Tórtkól qalasından Nókis awılına kóshiriw haqqında qarar qabıllanıp, 1939-jıl Qaraqalpaqstan Avtonom Respublika administraciyası Nókis qalasına kóship keldi.

## Qala atamasınıń payda bolıwı

Ilimpazlar Nókis toponiminiń kelip shıǵıwında bir neshe tartıslar bar dep esaplaydı. Nókis atamasınıń payda bolıwın birneshe toponomistler qaraqalpaq toponimikasında óz ornına iye bolǵan etnooykonimler, yaǵnıy urıw atları atalǵan toponimler qatarına kirgizedi. Olardıń izertlewinshe Nókis qalasınıń atalıwı Nókis-Mańǵıt urıwınan kelip shıqqan. Nukuz (Nókis) ataması qońırat qáwimi hám qaraqalpaqlardıń keneges qáwimi quramında da ushıraydı (Nekuz formasında ayırım ádebiyatlarda ushıraydı) hám Ámiwdárya hám Shımbay rayonları [4], Nókis qala oykoniminda óz kórinisin tapqan. Sonday-aq, Qaraqalpaqstannıń paytaxtı bolǵan Nókis qalasıda usı etnonimden tarqalǵan dep esaplaydı.

F. Orınbayeva, G. Tóreyevalardıń «Nókis taponiminiń payda bolıw tariyxı hám etimologiyasi haqqında» atlı maqalasında «Nókis qalası haqqındaǵı eń dáslepki maǵlıwmatlar XVI ásir ortalarına tiyisli. 1743-jılı Muravin dúzgen kartada Ámiwdáryanıń oń jaǵasında Nókis qalası kórsetilgen», – dep jazǵan. [1] Nókis ataması parsı-tájik tillerinen alınǵan bolıp, nu hám kas sózleriniń birigiwinen payda bolıp, toǵız adam mánisin ańlatadı. Nukas sózi aytıwdaǵı ózgerisler sebep Nókis formasın alǵan dep aytıp ótedi.

Nókis atmasınıń kelip shıǵıwınıń jáne bir versiyasına kóre, Nókis Ámiwdárya dáryasınıń tariyxıy atı – Oksusdan kelip shıqqan.

Sebebi, Nókis ataması tiykarınan mangol urıwınan bolǵanına dıqqat qaratatuǵın bolsaq, bul etnonim etimalogiyası haqqında juwmaqlawshı bir pikirge keliw qıyın. [4]

## Nókis qalası tábiyatı

Nókis qalasınıń tábiyatı arqa tárepten Ámiwdárya deltası menen shegaralas bolǵanlıǵı ushın abat orınlardı insanlar payda etken. Ortasha aylıq temperatura yanvarda -6,4°C, fevralda -3,8°C, martta +3,3°C, aprelde +12,7°C, mayda +20,5°C, iyunda +23,7°C, iyulda +27,1°C, avgustta +24,6°C, sentyabrde +18,5°C, oktyabrde +10,2°C, noyabrde +2,0°C, dekabrde -4,0°C, ortasha jıllıq temperatura +10,8°C, maksimal temperatura +46°C, minimal temperatura -32°C, ortasha jıllıq jawın-shashın

muǵdarı 78 mm dı quraydı. Klimatı keskin kontinental. Ámiwdárya basseyni átirapında jasıl toǵaylıqlardı payda etedi.

**Nókis qalası ekonomikası**

1970-80-jıllarda Nókis qalasında toqımashılıq, jip-gezleme hám paxta sanaatı iske túsirildi. Ámiwdáryada qurılǵan gidrotexnikalıq plotina arqalı Nókiske temir jol hám avtomobil jolı ótkeriledi. Qala sanaatınıń negizgi tarmaqların jeńil, azıq-awqat, ximiya, neft-ximiya, qurılıs sanaatı quraydı. Nókis qalasında sonday-aq, Nókis-farm, mramor hám kabel zavodları qala ekonomikasınıń rawjlanıwında úlken áhmiyetke iye. Sońǵı jılları Nókis qalası Qaraqalpaqstan qurılıs sanaatınıń orayına aylandı.

2019-jılda "Sırtqı bazarlarda qarıydarı kóp bolǵan import almastırıwshı ónimler islep shıǵarıw ushın tuwrıdan-tuwrı shet el hám jergilikli investitsiyalardı qosıw" maqsetinde "Nókis" erkin industrial ekonomikalıq zonası dúzildi. [33]

**Nókis qalasınıń transport jolları hám transport imkaniyatları**

2002-jılı gúz máwsiminde Nawayı-Úshqudıq-Miskin-Sultan Ways-Nókis temirjolı iske túsiriliwi arqalı, Nókis qalası Nawayı wálayatı menen temirjol arqalı baylanısıw imkaniyatına iye boldı. 800 km ge jaqın uzınlıqtaǵı bul jol 5 jıl ishinde qurılıp pitkerildi. [5] Xalıqtıń turmıs sharayatın jaqsılaw maqsetinde Tashkent-Nókis hám Aral boyın tutastırıwshı avtomobil jolları iske túsirildi hám Nókis qalasınıń transport tarawı jaqsılandı.

**Nókis qalasınıń turizm imkaniyatları**

Nókis zamanagóy, abat qala. Bul jerde tariyxıy hám zamanagóy imaratlar menen tanısıw imkaniyatı barlıǵı ushın kópshilik kórkem-óner ıqlasbentleri turizm maqsetinde Nókis qalasın tańlaydı. Qala tariyxı dawamında Qaraqalpaqstan Republikasınıń paytaxt qalası, Ózbekstan Respublikasınıń iri qala statusın, sonday-aq Doslıq ordeni iyesi bolıwǵa úlgerdi. Qalanıń ekonomikasında turizm tarawı da óziniń dominant ornına iye. Bunı birǵana Savitskiy muzeyi mısalında kóriwimiz múmkin. (1-súwret)

Rus avangard kórkem-óner shıǵarmaları hám qaraqalpaq kórkem-óneri, mádeniyatı, qaraqalpaq tariyxınıń arxivi atamaların Savitsiy muzeyine qaray qollawımız múmkin. Sebebi, bul orın rus avangart súwretlew janrındaǵı shıǵarmalardıń ushın tiykarǵı payızlı orın bolsa, qaraqalpaq tariyxı ushın tariyxtıń kóz aldımızda janlanıwshı, hár qıylı ekspanatlar arqalı tariyxtıń sózsiz tilge kiriwshi ornı esaplanadı.



*(1-súwret)*
*N.V.Savitskiy atındaǵı qaraqalpaq kórkem-óner muzeyi.*
*Nókis qalası.*

1966-jılı qala orayında jańa muzey qurıladı hám bul muzeyge 1984-jılı N.V.Savitskiy atı beriledi. Bul muzey Nókis qalası turziminiń symbolı. Bunıń tiykarǵı sebebi, hár jılı bul muzeydi tamashalaw ushın AQSH, Germaniya, Fransiya, Italiya hám Ispaniya hám basqa mámleketlerden mıńlaǵan turistler qalaǵa keledi.

Nókis qalası Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxt qalası esaplanıp, turizmge songı waqıtları úlken itibar qaratılıwı náiyjesinde qalada sawǵalar hám suvinerler dúkanlarınıń sanı kóbiydi. Bul dúkanlarda qaraqalpaq milliy kiyim ónermentshiliginen shógirme, kók kóylekler hám qaraqalpaq xalıq muzikası ásbablarınan duwtar hám girjekti, sonday-aq birneshe qol ónermentshilik buyımların, qaraqalpaq milliy naǵısları túsirilgen gilemlerdi tamashalawıńız, estelik ushın olardı satıp alıwıńızda múmkin. Nókis qalasındaǵı sawǵalar hám suvinerler dúkanlarınıń tiykarǵı geografiyalıq jaylasqan ornı: qalanıń úlken oraylıq kósheleri, hár qıylı turistik oraylardıń átirapı hám qalanıń oraylıq bazarı aymaǵı esaplanadı.

**JUWMAQLAW**

Joqarıdaǵılardadı esapǵa alıp, sonı aytıw tiyis, usı ilimiy izertlew jumısımızda Nókis qalası rawajlanıwınıń tariyxı dawamında birneshe waqıya hám hádiyselerdi basınan keshirgen, bul waqıya hám hádiyseler óz aldına tariyxıy geografiyalıq áhmiyetke iye ekenligi dálilep berildi. Usı maqala arqalı qalanıń geografiyalıq jaylasıw ornınıń qolaylı hám qolaysız tárepleri, qalada júz bergen ekonomikalıq rawajlanıwınıń tariyxıy geografiya ushın áhmiyeti tárepleri ilimiy túsindirildi.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI:

1. Hakimov Q. M., Mirakmalov. M.T. Toponimika: o‘quv qo‘llanma. Toshkent: «Tafakkur avlodi». – 2020 – C. 352.
2. Iskenderov A., Uzakbaev K. Ulíwma jer bilimi. – Toshkent: Fan va texnologiya. – 2019 – C. .
3. Iskenderov A.B., Uzaqbaev Q.K., Sharibaev A.M., Djanabaev I.B. “Turizm hám rekreaciyalıq geografiya” páninen oqıw-metodikalıq qollanba. – Nókis. – 2019. – C. 128.
4. Qorayev S. Toponimika. – Toshkent: «O‘zbekiston faylasuflari milliy jamiyati». – 2019 – C. 320.
5. Saidboboyev Z. Tarixiy geografiya va kartografiya. – Toshkent: ShafoatNur Fayz. – 2020. – C. 160.

## ILIMIY MAQALA HÁM KONFERENCIYA MATERIALLARÍ:

6. Baltabaev O., Uzakbaev K., Jaksimuratov A., Eshiniyazov B. Qoraqalpog‘iston joy nomlarining geografik jihatdan tadqiq qilinishi //Oriental Renaissance: Innovative, educational, natural and social sciences. – 2023.
7. Eshiniyazov B. TOURISM POTENTIAL OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN AND PROSPECTS FOR ITS DEVELOPMENT //Экономика и социум. – 2023. – №. 8 (111). – С. 76-78.
8. Iskenderov A. B., ulı Jaksimuratov A. B. ANTIK DÁWIRDE ÁMIWDÁRYANÍŃ GEOGRAFIYALÍQ IZERTLENIW TARIYXÍ //Educational Research in Universal Sciences. – 2023. – T. 2. – №. 6. – C. 221-224.
9. Iskenderov A. B., ulı Jaksimuratov A. B. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA SOCIALLÍQ TARAWDÍ RAWAJLANDÍRÍWDA ÁMELGE ASÍRÍP ATÍRǴAN IS-ILAJLAR //Educational Research in Universal Sciences. – 2023. – T. 2. – №. 6. – C. 225-229.
10. Iskenderov A. B., Uzaqbaev Q. K. CURRENT STATUS OF MEDICAL SERVICES IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Science and education in Karakalpakstan. – 2020.– №. 1. – C. 98-100.
11. Iskenderov A.B., Jaksimuratov A.B., Shamshetova D.M. TARIYXÍY GEOGRAFIYA TARAWÍNDA TOPONIMLERDIŃ ILIMIY ÁHMIYETI //Science promation. – 2023. – T. 1. — C. 13-18.
12. Iskenderov A.B., Saliev E.P., Jaksimuratov A.B. QARAQALPAQSTAN GEOGRAFIYASÍ SABAǴÍNDA ARAL TEŃIZINIŃ GEOGRAFIYALIQ

ÚYRENILIW TARIYXI //Aniq va tabiiy fanlarni masofaviy o‘qitishning dolzarb masalalari. – 2023. – №. 11-3084. – С. 150-153.
13. Jaksimuratov A. TARIXIY GEOGRAFIYANING VUJUDGA KELISHI VA RIVOJLANISH TARIXI //Interpretation and researches. – 2023. – Т. 1. – №. 13.
14. Jaksimuratov A., Amidullaev B., Turdımuratova A. TURIZM GEOGRAFIYASING KELIB CHIQISH VA RIVOJLANISH TARIXI //Ноучний имплос. – 2023. – Т. 1. – №. 3. – С. 389-392.
15. Turdimambetov I. R., Uzaqbaev Q. K., Niyazimbetova G. CURRENT STATUS OF MEDICAL SERVICES IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Science and education in Karakalpakstan. – 2020.– №. 2. – С. 104-108.
16. Turdimambetov I. R., Uzaqbaev Q. K., Oteuliev M. O. TERRITORIAL FORMATION OF THE EDUCATION SYSTEM IN IMPROVING THE QUALITY OF LIFE OF THE POPULATION OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Экономика и социум. – 2020. – №. 12 (79). – С. 276-279.
17. Tursinbaevna G. R., Uli U. Q. K. Territorial Location Of Medical Services To The Population In The Republic Of Karakalpakstan //The American Journal of Applied sciences. – 2020. – Т. 2. – №. 11. – С. 28-33.
18. ulı Jaqsımuratov A. B. ORTA AZIYA AYMAǴINDA ORTA ÀSİRLERDE GEOGRAFİYANIŃ RAWAJLANIWI //INTERNATIONAL CONFERENCES. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 838-841.
19. Uzakbaev K. K., Qurbaniyazov Q. A., Xidirbaeva N. A. GEOGRAPHICAL LOCATION OF OIL-GAS RESOURCES THE REPUBLIC KARAKALPAKSTAN AND THEIR USE IN INDUSTRY //Экономика и социум. – 2023. – №. 3-2 (106). – С. 325-328.
20. Uzakbaev K.K., Jaksimuratov A.B. QORAQALPOG‘ISTON GEOGRAFIYASINI O‘RGANISHDA XORAZMIY VA BERUNIYNING GEOGRAFIK ILMIY MEROSLARINING AHAMIYATI //Aniq va tabiiy fanlarni masofaviy o‘qitishning dolzarb masalalari. – 2023. – №. 11-3084. – С. 165-168.
21. Баллиева Р., Искендеров А.Б. Значение топонимии для изучения природопользования Приаралья в XIX и началеXXвв //Аспирант и Соискатель М. 2002 № 3. - С. 29-30.
22. Баллиева Руза, Искендеров Алишер. История исследования природных ресурсов и природопользования в Приаралье //Актуальные проблемы современной науки. – 2003/2. С. 22-25.
23. Вахобов Хурбой Вахобович, Вахобов Улугбек Хурбоевич, Искендеров Алишер Базарбаевич. Типизация горнодобывающих и горно-перерабатывающих сооружений по степени их влияния на окружающую среду //Табиий

географиянинг регионал муаммолари Илмий конференция материалари тўплами. – 2002. С. 103-105.
24. Искендеров А.Б. Инженерлик географияда табиий ресурслардан фойдаланиш масалалари// География ҳәм геоэкология пәнининң регионаллық машқалалары атамасындағы Республикалық илмий-әмелий конференция материаллары. Н.ҚМУ.2009. Б. – 244-245.
25. Искендеров А.Б. Қорақалпоғистон Республикаси гидроминерал ресурсларининг географик жойлашишининг ўзига хос хусусиятлари //Вестник ККО АН РУз., № 3-4. – Нукус, 2004. – С. 49-50.
26. Искендеров А.Б., Раджапов М.Я., Низекеев Д.К. Минерал ресурсларни инженер-географик жиҳатдан баҳолаш муаммосининг ҳозирги ҳолати// Ҳозирги замон географияси: Назария ва амалиёт. Фан фидойиси Н.Долимовнинг 100 йиллигига бағишланган илмий-амалий конф.материаллари. – Т.: ЎзМУ., 2006. – Б.132-133.
27. Искендеров, А. Б., & Абдираманов, Б. С. У. (2022). ЖАНУБИЙ ОРОЛБЎЙИДАГИ ТАБИИЙ ГАЗ КОНЛАРИДАН ФОЙДАЛАНИШ МАСАЛАЛАРИ. *Oriental renaissance: Innovative, educational, natural and social sciences*, *2*(10), 335-339.
28. Қурбаниязов А., Искендеров А.Б., Айтмуратов Б. Қорақалпоғистон Республикасида рекреация ресурсларидан фойдаланиш масалалари //Жанубий Ўзбекистонда география мактабининг шаклланиши ва ривожланиши. Илмий-амалий конф.материаллари. – Термиз.ТерДУ., 2006. –Б.116-117.
29. Раджапов М.Я., Умаров Е.К., Искендеров А.Б. Қорақалпоғистон ҳудудининг географик ўрганилиш тарихи// Ўзбекистон география жамияти ахбороти, № 22. – Т., 2002. – Б. 74-76.
30. Умаров Е.К., Искендеров А. Б., Раджапов М.Я., Айтуганова А.К. Қорақалпоғистон Республикаси халқ хўжалигини ҳудудий такомиллаштириш муаммолари// Ўзбекистон География жамияти ахбороти, № 22. - Т., 2002. - Б. 57-59.

## INTERNET TARMAQLARÍ:

31. https://daryo.uz
32. https://karakalpakstan.travel
33. https://kun.uz
34. https://meros.uz
35. https://uzbekistan.travel